

Harmony Healthcare LI, Inc. Fòmilè Konsantman

Konsantman pou Tretman: Mwen otorize Harmony Healthcare LI, Inc. (HHLI) ak manm pèsònèl medikal, swen enfimye ak lòt manm pèsònèl pwofesyonèl yo, pou bay sèvis swen sante sa yo epi administre pwosedi ak tretman dyagnostik ak terapeitik kote, selon jijman pèsònèl medikal HHLI a, yo jije nesèsè oswa rekòmande nan swen mwen an. Sa genyen ladan l tout tès dyagnostik ak pwosedi woutin, ki genyen ladan yo radyografi, administrasyon ak/ oswa enjeksyon pwodwi ak medikaman famasetik, ak prelevman san pou egzamen laboratwa. Mwen konprann yo pa t ban m okenn garanti sou rezilta oswa efikasite tretman oswa egzamen manm pèsònèl HHLI a te reyalize a. Tès VIH kounye a fè pati swen woutin epi yo pa egzije pou bay konsantman ekri ankò. Mwen genyen dwa pou m refize tès VIH nenpòt lè. HHLI a ofri sèvis planifikasyon famiyal. Mwen konprann lè mwen aksepte sèvis planifikasyon famiyal yo se pa yon kondisyon pou elijiblite, oswa pou mwen resevwa nenpòt lòt sèvis HHLI a ofri.

Piblikasyon Enfòmasyon: Mwen otorize HHLI pou l itilize ak pibliye enfòmasyon sou sante m pou rezon sa yo: (1) pou bay, fè aranjman oswa pou kowòdone tretman swen sante mwen; (2) pou pèmèt HHLI a jwenn pèman pou sèvis li ban m yo; epi (3) pou pèmèt HHLI reyalize operasyon komèsyal ak operasyon swen sante òdinè tankou asirans kalite, planifikasyon sèvis ak administrasyon jeneral.

Mwen konnen otorizasyon sa a pou itilize ak pou pibliye enfòmasyon yo kapab genyen ladan l enfòmasyon konsènan:

- VIH oswa SIDA
- Alkòl oswa konsomasyon dwòg
- Maladi mantal oswa nenpòt kondisyon sante mantal
- Maladi moun pran nan fè sèks
- Planifikasyon famiyal, gwosès ak avòtman
- Tès jenetik oswa maladi jenetik

Mwen konnen Harmony Healthcare LI, Inc. kapab pataje enfòmasyon yo avèk lòt founisè medikal mwen yo pou tretman medikal oswa avèk yon tyès pati pou pèman finansye pa mwayen elektwonik.

Atribisyon Benefis: Mwen atribiye HHLI tout benefis mwen genyen dwa pou m resevwa nan Medicare, Medicaid, lòt ajans gouvènman yo, konpayi asirans ak lòt tyès pati ki finansyèman responsab pou tretman ak swen medikal HHLI founi

Obligasyon Finansye: Mwen dakò, eksepte jan lalwa oswa akò HHLI yo kapab limite sa avèk peyè tyès pati yo, nan ka yon tyès pati pa peye epi mwen te bay yon atribisyon benefis, mwen genyen obligasyon pou peye tout montan ki dwe pou sèvis yo ofri nan etablisman HHLI yo selon tarif ak kondisyon HHLI ki anvigè nan dat sèvis la. Epitou mwen dakò mwen responsab pou tout ko-pèman, ko-asirans oswa franchiz ki aplikab.

Politik Sou Non-Prezans (No Show Policy) – Avi Enpòtan:

Tanpri sonje ou dwe koutwa ak nou epi ak lòt pasyan yo pandan w ap rele **omwen 4 èdtan anvan** lè randevou w lan pou anile l si ou pa ka vini. Sa pral pèmèt nou sèvi pasyan nou yo pi byen. Pasyan ki rive **plis pase 15 minit anreta** nan randevou yo a pral konsidere sa kòm absan epi yo pral bezwen replanifye randevou yo a. Pou sèvis dantè, pasyan ki rive **plis pase 5 minit anreta** pou randevou yo, y ap konte kòm yon pasyan ki pa vini epi y ap bezwen repwograme randevou a.

Rapò nan Sistèm Enfòmasyon pou Vaksinasyon NYS a: Lamenm mwen otòriz HHLI pou rapòte tout vaksinasyon manm pèsònèl medikal li yo administrem nan Sistèm Enfòmasyon sòu Vaksinasyon Leta New York lan.

Mwen sètifye mwen te li fòmilè sa a epi mwen se pasyan an oswa pasyan an diman otorize m antanke reprezantan legal pasyan an pou siyen fòmilè sa a epi aksepte kondisyon li yo.

Siyati Pasyan oswa Reprezantan an: _____ Dat: _____

Kalite Relasyon ak Pasyan an (si pasyan an pa siyen): _____